К-10-2

75б

## АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

### 10 КЛАСС

1. *Махуэр уейщи, жьы зэпихум хуарзэу уэсыр кърехьэкI.* Мы сатырым хэтщ
а) макъзешэу 14; б) макъзешэу 15; в) макъзешэу 16; г) макъзешэу 17.

2. Макъ дэкIуашэ зэгуэгъуищ (жьгъыжьгъ, дэгу, пIытIа) мы псалъэм хэтщ:
а) дытетIысхьащ; б) пIэтIрэжаныфэ; в) гъуэгурыкIуэ; г) лэнысталъэ.

3. *СемышкIэ, сэхуран* къэкIыгъэцIэм синоним мы псалъэр хуохъу:
а) зэнтхъ; б) гъасэ; в) хъурмыж; г) дыгъэгъазэ.

4. *Псыкъуийм къисшурэ жэмыр псы езгъэфащ, хьэщбэкхъым къездзыхри мэкъу естащ, къакъырэр къэзгъэкъэбзащ, уэщымкIэ пхъэ скъутэри пыщIыкIым щIэсхьащ, джэдкъазыр згъэшхащ, итIани зэманыр къулъшыкъум нэса къудейщ.* Мы псалъэухам къыхэтхыкIын:
а) диалект псалъэхэр ____________________________
б) жьы хъуа псалъэхэр ____________________________
в) ди бзэм къищта хамэ псалъэхэр ____________________________
г) псалъэпкъитIу зэхэт псалъэхэр ____________________________

5. Пэжу тха псалъэр къыхэхын:
а) бзаджэнаджэ; б) бзэджэнаджэ; в) бзаджэ-наджэ; г) бзэджэ-наджэ.

6. *Дэ фэ дывдоплъей.* Мыбдеж етIуанэ щхьэм и щхьэ цIэпапщIэу къыщыкIуар
а) обстоятельственнэ падежым итщ; б) послеложнэ падежым итщ;
в) именительнэ падежым итщ; г) эргативнэ падежым итщ.

7. Мы псалъэухам уступительнэ наклоненэ зиIэ глагол къыщокIуэ:
а) *Мыр уэ пхуэсIуэтэжкIи, си сабий гъащIэ блэкIам уеубзэжыфынкъым;*
б) *Си анэр гузэващ, дэжеящ, къежэхащ, хьэблэр къызэхижыхьащ;*
в) *Станцым нэси унигъэсмэ, ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ;*
г) *Ар сымыщIэу щытыгъатэм, кIэщI дыдэнут сэ си гъащIэр.*

8. *Нобэ махуэр псынщIэу иухащ.* Мы псалъэухам обстоятельствэу хэуващ
а) зэман, щхьэусыгъуэ къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
б) зэман, лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречиехэр;
в) мардэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр;
г) щIыпIэ, щхьэусыгъуэ, зэман къэзыгъэлъагъуэ наречиехэр.

9. Мы псалъэухам и подлежащэр еигъэ цIэпапщIэу къэкIуащ:
а) *Абыхэм я пщIантIэм зыгуэр дохьэри шындэбзиймкIэ йокIуэкI;*
б) *Ди саугъэтыр епщIанэ классым фыфейщ, ар фэ къэвлэжьащ.*
в) *МазицкIэ нэмыцэхэм яIыгъа си къуажэм дыдейхэр къекIуэлIэжат.*
г) *Хэт жьыуэ къэтэджми, абы насып егъуэт.*

10. *Махуищ нэхъ дэмыкIыу, шум игъуэта уIэгъэр кIыжын щIидзащ.* Мы псалъэухам и сказуемэу къэкIуар
а) глагол сказуемэ къызэрыкIуэщ; б) цIэ-сказуемэ зэхэтщ;
в) цIэ-сказуемэ къызэрыкIуэщ; г) глагол сказуемэ зэхэтщ.

11. Мы псалъэухам дополненэ зэлъэпкъэгъу къыщокIуэ:

а) Мусэрэ Муратрэ псэлъэн щIадзэ;  б) Мурат зэгуэпащ, пэпщащ, и къэпталым есэбэуащ;
в) Махуэр уэмт, мамырт;  г) Шыхулъагъуэм, Вагъуэбыным, Вагъуэзэшиблым сеплъу сыхэлът.

**12.** Псалъэухам фыкъеджэ, къызыхуэт хьэрфхэмрэ нагъыщэхэмрэ фтхыж.

Зэман зэманкIэрэ з..кIэлъхьэужьу блэж маш..нэхэр къегъэувыIэри арых..эу зи нэщхъыфIагъ..р нэгум имыкI Лусэ пыгуфIыкIыжу абы и пащхьэ къохутэ дэлъхум и тыгъэ лъапIэр кI..синкIэ щIэрыпсыр телъых..эщ

**13.** *«Алмэсты мажьэ»* псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ:

а) зи мурадхэр зэзыгъэхъулIэф, зыхуейр цIыхухэм къезыгъэщIэфым;
б) и мыIуэху зэрихуэу, жимыIэпхъэ жиIэу, цIыхуитI зриушту дэтым;
в) бзылъхугъэ гъэфIам, Iуэху щIэным, лэжьыгъэм зыщызыдзейм;
г) жьэ бзаджэ зиIэ, гурыуэу куэд жызыIэ, цIыхубз хъущIэрейм.

**14.** Псалъэжьыр нэвгъэсыж. *«Мывэ сыныр мэкIуэдыж, мыкIуэдыжыр ...»*

а) акъылщ;  б) былымщ;  в) бынщ;  г) уэрэдщ.

**15.** «Къамботрэ Лацэрэ» тхыгъэм къыхэщыж Тембот, илъ ищIэжу, иукIащ

а) ЗекIуэлIокъуэ;  б) Аслъэнокъуэ;  в) Ашэжьокъуэ;  г) Мэхъэшокъуэ.

**16.** *Хыр си шакъалъэу,*
*Къалэм хуэфащэ сиIатэм,*
*Ди ТекIуэныгъэм и усэр,*
*ДыщэпскIэ уафэм истхэнт* – мы усэр итхащ

а) КIуащ БетIал;
б) Мыкъуэжь Анатолэ;
в) КIыщокъуэ Алим;
г) Тхьэгъэзит Зубер.

**17.** КIэрашэ Т. и «Шапсыгъ пщащэ» повестым къыхощыж адыгэлI цIэрыIуэ

а) Андемыркъан;  б) Хьэтх Мыхьэмэт;  в) Идар Темрыкъуэ;  г) Абрэдж Нухь.

**18.** Шортэн Аскэрбий и *«Мурат»* пьесэм къыхэщыж *Дек*

а) бгырыс зауэлIхэм я Iэтащхьэщ;
б) хэкупщ Бомэт и къуэщ;
в) инджылыз миссием и лIыкIуэщ;
г) Урысейм къикIыу, Кавказым къагъэкIуа революционерщ.

**19.** УсакIуэ КIуащ БетIал мыпхуэдэ поэмэ итхащ:

а) «Си хэку»;  б) «Индыл»;  в) «Къытехьэ бгыпэм»;  г) «Нэху».

**20.** КIыщокъуэ Алим лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр къыщигъэлъэгъуащ

а) «Кхъужьей къудамэ» усэм;  б) «Си дыгъэ» усэм;
в) «ЗэкъуэшитI» усэм;  г) «Дунейм имыIэ къегъэжьапIэ» усэм.